

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Unggal daérah pasti miboga cicirénna séwang-séwangan. Sakumaha nu kaunggel dina paribasa “ciri sabumi cara sadésa, jawadah tutung biritna sacarana-sacarana” nu hartina yén unggal bangsa atawa daérah ngabogaan ciri jeung adat kabiasaan nu béda-béda. Ieu ciri jeung kabiasaan téh bisa mangrupa kadaharan, kasenian, asal mula ngaran tempat, sistem religi, carita rahayat, adat istiadat nepi ka upacara adat nu biasa diayakeun ku unggal masarakat di sabudeureunana. Hal éta téh mangrupa wujud budaya tina kabudayaan nu aya, unggal daérah pasti béda sabab kapangaruhan ku hal-hal nu aya di sabudeureunna ogé.

Sagala rupa ide atawa hasil pamikiran manusa nu hirup babarengan di hiji tempat nu ahirna jadi cicirén pikeun masarakat atawa daérah éta sorangan, silih pakait jadi hiji sistem nilai budaya. Sistem nilai budaya mangrupa tingketan pangluhurna jeung pangabstrakna dina adat istiadat. Sabab, eusi tina nilai budaya mangrupa konsép-konsép ngeunaan sagala hal nu dianggap miboga ajén tur penting pikeun warga masarakat, nu miboga fungsi salaku hiji padoman oriéntasi pikeun kahirupan warga masarakatna (Koentjaraningrat, 2003, kc. 75).

Koentjaraningrat (dina Axiaverona, spk., 2018, kc. 20) nétélakeun yén wujud sistem budaya tina hiji unsur kabudayaan nu *universal* mangrupa adat, dina léngkah mimiti adat bisa ngirut leuwih jauh jadi sababaraha téma budaya nu ahirna dina léngkah katilu téma budaya bisa leuwih ngirut jadi gagasan. Gagasan ieu nu mangrupa kapercayaan jeung élmu pangaweruh pikeun ngayakeun upacara adat.

Ari upacara téh dina enas-enasna mangrupa sistem aktivitas atawa tindakan anu ditata ku adat atawa hukum anu lumaku di masarakat nu miboga hubungan jeung rupa-rupa kajadian nu biasa aya dina hiji kelompok masarakat (Koentjaraningrat dina Axiaverona, spk., 2018, kc. 20). Nurutkeun *Kamus Basa Sunda* karya R. A. Danadibrata (2009, kc. 729) upacara asalna tina basa *Sanksekerta* nu miboga harti ngalaksanakeun kabiasaan, aturan; ka dieunakeun sok dihartikeun prak-prakan dina riungan atawa gempungan maké aturan tanda panghormat. Sedengkeun adat nurutkeun *Kamus Basa Sunda* karya R. A. Danadibrata (2009, kc. 4) nyaéta

kabiasaan, taliparanti, kasopanan anu geus turun-tumurun. Jadi, upacara adat mangrupa ngalaksanakeun kabiasaan anu geus turun-tumurun.

Upacara adat biasana diayakeun dina waktu nu tangtu jeung miboga tujuan nu tangtu ogé. Urang teu bisa sagawayah pikeun ngayakeunna ti mimiti nangtukeun kaping tur waktu nepi ka prak-prakan éta upacara diayakeun. Ilaharna, di unggal upacara adat aya kadaharan atawa pakakas nu wajib aya dina diayakeunna éta upacara. Salah sahiji upacara adat dina kabudayaan Sunda ngaranna nyaéta upacara adat ngabungbang. Ieu upacara adat aya di sababaraha daérah saperti di Cimandé, Kabupatén Bogor; Jampang, Kabupatén Sukabumi; jeung Batulawang, Kota Banjar. Ngabungbang téh asalna tina kecap bungbang, nurutkeun *Kamus Basa Sunda* karya R. A. Danadibrata (2009, kc. 113) bungbang hartina jarah ka makam karamat atawa ngadon mandi di pamandian nu aya karamatna dina waktu keur caang bulan ngebrak dina kaping 14 bulan Komariah biasana dina bulan nu diagungkeun ku Islam upamana dina bulan Mulud, supaya meunang berekah. Nurutkeun Sondarika, spk. (2017, kc. 5) ngabungbang diayakeun pikeun leuwih ngadeukeutkeun diri ka Gusti anu geus nyiptakeun alam jeung sagala eusina, tur ngaraketkeun tali duduluran ka sasama manusa.

Ngabungbang mangrupa salah sahiji kabudayaan sababaraha masarakat Sunda nu dilaksanakeun dina unggal kaping 14 Mulud, babarengan jeung diayakeunna Maulid Nabi Muhammad Saw. Ilaharna ngabungbang téh nyaéta kagiatan atawa acara mersihkeun diri/mandi di salah sahiji sumber cai nu aya di éta daérah. Tujuan tina mersihkeun diri/mandi di poé éta nyaéta sangkan ibadah atawa amalan-amalan nu dipigawé bisa meunangkeun berekah anu leuwih, sabab kaayaan awak urang téh suci/beresih tina sagala hadas nu aya dina awak urang. Tapi di Désa Cimandé ngabungbang miboga ciri hasna sorangan nyaéta salian jarah ka makam nu dikaramatkeun nu aya di sabudeureun Désa Cimandé, ngabungbang di dieu miboga pakait jeung kasenian penca silat asli ti Désa Cimandé. Di kaping ieu, sakabéh santri atawa murid penca silat aliran Cimandé téh dikumpulkeun pikeun silaturahmi tur nginget deui élmu silat anu geus dipikawanohna. Salian ti éta, dina prak-prakan ngabungbang di Désa Cimandé aya hiji acara rutin husus masarakat asli Cimandé pikeun meresihan atawa ngamandian pusaka-pusaka nu dipimilikna. Pusaka diberesihan di unggal saméméh kaping ka 12 bulan Mulud, tujuan utamana mah

pikeun ngarumat naon anu geus dipasrahkeun atawa diturunkeun ku para sepuh/kolot nu geus aya ti jaman baheula.

Baheula mah, teu sakabéh jalma bisa aub dina ieu upacara adat, tapi kadieunakeun ngabungbang téh dibuka atawa diayakeun pikeun masarakat umum ogé. Malahan mah, masarakat nu asalna ti luar kota ogé sok ngilu ilubiung dina ieu upacara adat. Nepi ka ayeuna ngabungbang masih diayakeun rutin ti unggal taunna (iwal ti taun 2020 ku sabab ayana pandemi), aya waé hal nu béda ti unggal taunna. Salah sahijina nyaéta ku ayana kamajuan téhnologi jeung ayana pandemi di jaman kiwari, ngabungbang nu biasana jadi salah sahiji acara pikeun silaturahmi kulawarga salian di *Idul Fitri* jeung *Idul Adha* ayeuna mah komunikasi atawa silaturahmi ngaliwatan média sosial. Pikeun kalancaran lumangsungna ngabungbang ti unggal taunna, masarakat di sabudeureun Désa Cimandé biasana nyusun panata acara hususna pikeun lalaki.

Saluyu jeung naon anu bakal ditalungtik dina ieu panalungtikan, hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun salah sahiji bahan ajar dina matéri pangajaran nu aya di SMP/MTs kelas VIII nyaéta maca artikel seni budaya Sunda nu eusi Kompetensi Dasarna téh 3.4 *Memahami dan mengidentifikasi struktur teks dan aspek kebahasaan artikel tentang seni budaya Sunda*. Ngeunaan bahan ajar, bahan ajar mangrupa hiji unsur atawa hal penting dina lumangsungna pangajaran di sakola, sabab bahan ajar méré kontribusi pikeun kahontal henteuna tujuan pangajaran dumasar kana kompetensi dasar nu geus disusun atawa dirumuskeun. Ku kituna, bahan ajar téh kudu dipilih tur disusun sacara taliti sabab bakal mangaruhan proses pangajaran. Milih bahan ajar ogé kudu disaluyukeun jeung tingkat kamekaran tur kabutuhan peserta didik. Nurutkeun Daryanto (dina Susilawati, spk., 2020, kc. 63) tujuan disusunna bahan ajar kudu saluyu jeung tuntutan kurikulum ogé kabutuhan peserta didik.

Saméméhna, aya panalungtikan ngeunaan ngabungbang di Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda FPBS UPI, nyaéta panalungtikan Oka Gilang Ksatria (2017) “Ajén Éstétika dina Upacara Adat Ngabungbang di Désa Batu Lawang, Kacamatan Pataruman, Kota Banjar pikeun Pangajaran Maca Artikel di SMA (Ulikan Sémiotik)” jeung panalungtikan ngeunaan “Nilai Pendidikan Karakter dalam Tradisi Ngabungbang pada Masyarakat Adat Kasepuhan Ciptagelar” ku

Annisa Rizkyani, 2022

**UPACARA ADAT NGABUNGBANG DI DÉSA CIMANDÉ KACAMATAN CARINGIN KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL SENI BUDAYA SUNDA DI SMP/MTS KELAS VIII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Danan Darajat, spk. (2020). Aya ogé panalungtikan séjén ti saluareun Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda FPBS UPI, nyaéta “Pewarisan Nilai Tradisi Ngabungbang dalam Pembelajaran Sejarah Lokal dengan Metode Ekskursi pada Mahasiswa Program Studi Pendidikan Sejarah FKIP Universitas Galuh” ku Wulan Sondarika, spk. (2017). Sasaruan ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu saméméhna nyaéta sarua medar ngeunaan upacara adat ngabungbang nu aya. Ari bébédaanana nyaéta dina eusi atawa arah panalungtikanna, panalungtikan séjén nalungtik ngeunaan ajén éstétika nu aya dina upacara adat ngabungbang, ajén ngeunaan pendidikan karakter nu aya, jeung néangan ajén ku métode ekskursi pikeun pangajaran sajarah. Ari ieu panalungtikan medar ngeunaan sajarah tur kamekaran ngabungbang, kumaha prak-prakanna ogé udagan tina diayakeunna ngabungbang di unggal taunna. Salian eusi panalungtikan nu béda, objék dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna ogé beda. Dua panalungtikan saméméhna objékna aya di Kacamatan Pataruman, Kota Banjar. Hiji deui di Kasepuhan Ciptagelar, Kabupatén Sukabumi, sedengkeun ieu panalungtikan objékna aya di wilayah Kacamatan Caringin, Kabupatén Bogor. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Upacara Adat Ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Seni Budaya Sunda di SMP/MTs Kelas VIII”.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah nu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta upacara adat ngabungbang nu masih kénéh dilaksanakeun hususna ku warga masarakat Désa Cimandé, umumna keur sakabéh masarakat nu aya di sabudeureun Désa Cimandé. Salian éta, katitén pisan yén ayana ciri has tur pakaitna upacara adat ngabungbang nu aya di Désa Cimandé jeung aliran penca silat Cimandéan.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha sajarah jeung kamekaran upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor?
- 2) Kumaha prak-prakan upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor?
- 3) Naon udagan diayakeunana upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP/MTs kelas VIII?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana idéntifikasi jeung rumusan masalah anu geus dipedar, tujuan panalungtikan kabagi jadi dua bagéan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Dumasar kasang tukang di luhur, tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho ngeunaan upacara adat ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor pikeun pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP/MTs kelas VIII.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- 1) sajarah jeung kamekaran upacara adat ngabungbang;
- 2) prak-prakan upacara adat ngabungbang;
- 3) udagan diayakeunana upacara adat ngabungbang; jeung
- 4) larapna upacara adat ngabungbang pikeun bahan pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP/MTs kelas VIII.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Dumasar tujuan anu geus dipedar, ieu panalungtikann miboga opat jenis mangpaat nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, jeung mangpaat isu atawa aksi sosial.

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan ngabungbang tur bisa jadi bahan ajar maca artikel seni budaya Sunda pikeun SMP/MTs kelas VIII.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan mangrupa salah sahiji tarékah pikeun ngamumulé salah sahiji budaya nu aya di tatar Sunda. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré mangpaat:

- 1) pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa mikawanoh sarta nambahan élmu pangaweruh anyar ngeunaan sajarah jeung kamekaran ngabungbang, prak-prakan upacara adat ngabungbang tur bisa nyieun bahan ajar pikeun dilarapkeun dina pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP/MTs kelas VIII;
- 2) pikeun masarakat, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi pikeun masarakat sangkan leuwih mikawanoh sarta ngamumulé salah sahiji upacara adat tina beungharna budaya Sunda nu aya;
- 3) pikeun mahasiswa, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan réferénsi pikeun panalungtikan satuluyna.

### **1.4.3 Mangpaat Kawijakan**

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan nyaéta, dipiharep pamaréntah ngaliwatan Disparbud (Dinas Pariwisata dan Kebudayaan) Kabupatén Bogor bisa turut ilubiung dina ngamumulé kabudayaan nu aya sangkan leuwih dipikawanoh ku jalma balaréa.

### **1.4.4 Mangpaat Isu atawa Aksi Sosial**

Mangpaat isu atawa aksi sosial tina ieu panalungtikan nyaéta méré informasi ngeunaan upacara adat ngabungbang nu aya di Désa Cimandé, Kacamatan Caringin, Kabupatén Bogor.

## **1.5 Raraga Tulisan**

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha anu diébréhkeun ieu di handap.

Bab I mangrupa bubuka nu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa ulikan tiori, nu eusina medar ngeunaan upacara adat, bahan pangajaran, jeung maca.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV eusina ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan nu ngawengku sajarah tur kamekaran ngabungbang, prak-prakan ngabungbang di Désa Cimandé Kacamatan Caringin Kabupatén Bogor, jeung larapna hasil panalungtikan dina pangajaran maca artikel seni budaya Sunda di SMP/MTs kelas VIII.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun pamaca.